# man nag giñloowuma leen ci ne dama leen a tuumaal, waaye Jibriil moo ñëw fi man xibaar ma ne Yàlla mu kawe mi moo ngi leen di puukarewoo fa malaaka ya

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudriyu mu wax ne: Muhaawiya dafa génn ci menn mbooloo ci jàkka ji, daal di ne leen: lan moo leen toogloo? Ñu ne ko dañoo toog di tudd Yàlla, mu ne leen: ndax dangeen seedeel Yàlla ne dara toogloowu leen lu dul loolu? Ñu ne ko: giñ nañu ci Yàlla ne dara toogloowu nu lu dul loolu, mu ne leen: man nag giñloowuma leen ngir ne dama leen a tuumaal, te it kenn gënu maa jege Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- te it kenn gënu maa néew lu may jële ci moom hadiis: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa génn ci menn mbooloo ci sahaabaam yi, ne leen: "lan moo leen toogloo?" Ñu ne ko: dañoo toog di tudd Yàlla di ko sant ci li mu nu gindi ci Lislaam, te xéewalal nu ko, mu wax ne: "ndax man ngeen a seedeel Yàlla ne dara toogloowu leen lu dul loolu?" Ñu ne ko: giñ nañu ci Yàlla ne dara toogloowu nu lu dul loolu, mu ne leen: "man nag giñloowuma leen ci ne dama leen a tuumaal, waaye Jibriil moo ñëw fi man xibaar ma ne Yàlla mu kawe mi moo ngi leen di puukarewoo fa malaaka ya".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Muhaawiya ibn Abii Sufyaan -yal na leen Yàlla dollee gërëm- dafa génn ci menn mbooloo ci jàkka ji, daal di leeni laaj lu tax ngeen dajaloo, Ñu ne ko: tudd Yàlla, Mu giñloo leen -yal na ko Yàlla dollee gërëm- ci ne nammuñu ci seen toogaay gi ak dajaloo gi lu dul tudd Yàlla, Ñu giñal ko, Mu ne leen: man de giñloowuma leen ci ne dama leen a tuumaal ak di sikk-sakka ci seen ug dëggu, topp mu xibaar leen wàccuwaayam ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ci ne moom kenn amul wàccuwaay bi mu am ci moom ci jege ko; ngir li Ummu Habiibata rakkam di soxnas Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ak li mu bokk ci ñi daan bind wahyu bi, ànd ak loolu ku néew la lu mu nettali ay hadiis, Mu waxtaanal leen ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- génn na benn bis ci këram, fekk leen ñu toog ci jàkka ji di tudd Yàlla di ko sant ci li mu leen gindi ci Lislaam, xéewalal leen ko, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- laaj leen, daal di leen di giñloo, kem ni Muhaawiya def -yal na ko Yàlla dollee gërëm- ak àndandoom yi, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wax leen lu tax mu laaj leen ak di leen giñloo: ne malaaka mii di Jibriil moo ko ñëwal xibaar ko ne Yàlla mu kawe mi day puukarewu di leen ndamoo fa malaaka ya, di leen wan seen ngëneel ak seen jëf ju rafet, di leen tagg fa ñoom.